



Pou Piblikasyon Imedya: 20/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YANKEE AK MET YO PRAL KÒMANSE ANTERENE PANDAN PRENTAN AN ANE SA A

Yankee yo ap antrene nan stad Yankee, Met nan Citi Field

Vil New York ap antre nan Faz de (2) nan re-ouvèti a lendi; Rejyon Mid-Hudson sou wout pou antre Faz Twa madi

1 pousan tè s pou COVID-19 yè yo te pozitif

Te gen 24 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ekip bizbòl Yankee yo ak Met yo pral kòmanse antrene pandan prentan an nan New York ane sa a. Yankee yo pral fè antrènman pandan prentan an nan stad Yankee epi Met yo ap fè l' nan Citi Field. Met yo ap òganize yon ti ouvèti semèn sa a pou jwè ki vle kòmanse prepare yo. Ekip yo pral travay ak Eta New York pou garanti pwotokòl sante ak sekirite ki awopriye.

"COVID-19 brize anpil nan tradisyon New Yorker yo konnen e renmen, e nou te nan enkapasite pou anrasine ekip nou yo lakay pandan tout kriz la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Gras ak gwo efò New Yorker yo pou te ralanti pwopagasyon an, nou te wè li posib pou Yankee yo ak Met yo fè antrènman pandan prentan an nan eta a ane sa a e nou kontan re-ouvri pastan nasyonal Ameriken an isi a menm nan New York. Nan yon peryòd sonb ak yon sezon ki te vrèman gen anpil gwo obstak pou simonte, yon kan antrènman nan New York se premye bon nouvèl lè n'ap pale de bizbòl ke nou te genyen depi lontan."

Gouvènè a te bay tou Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 ki ankou a. Vil New York pral antre nan Faz De (2) re-ouvèti lendi 22 jen epi rejyon Mid-Hudson lan rete sou wout pou antre nan Faz Twa a madi 23 jen. Yè, te gen 24 moun mouri akòz COVID-19 la nan Eta New York. Kantite nouvo ka, pousantaj tè s ki te pozitif anasanm ak anpil lòt pwèn done itil toujou disponib nan [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

Sou 68,830 tè s yo te reyalize nan Eta New York yè, 716, oswa 1 pousan, te pozitif. Pousantaj tè s pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se konsa:

REJYON	MÈKREDI	JEDI	VANDREDI
--------	---------	------	----------

New York City	1.00%	1.10%	1.10%
Capital Region	0.40%	1.00%	0.70%
Central New York	3.00%	1.30%	0.60%
Finger Lakes	1.00%	1.00%	1.10%
Long Island	0.70%	0.80%	1.10%
Hudson Valley	0.60%	1.10%	1.10%
Mohawk Valley	1.30%	1.50%	1.80%
North Country	0.10%	0.10%	0.40%
Southern Tier	0.00%	0.20%	0.40%
Western New York	1.10%	0.70%	0.80%

Gouvènè a te konfime tou 716 lòt ka nouvo kowonaviris, sa ki bay yon total 387,272 ka konfime nan Eta New York. Nan total 387,272 moun tè s yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,053	4
Allegany	58	0
Broome	665	2
Cattaraugus	113	4
Cayuga	108	1
Chautauqua	115	3
Chemung	139	0
Chenango	139	0
Clinton	100	1
Columbia	451	5
Cortland	44	0
Delaware	90	1
Dutchess	4,127	17
Erie	6,980	25
Essex	41	1
Franklin	27	0
Fulton	243	6
Genesee	222	4
Greene	255	1
Hamilton	6	0
Herkimer	134	3
Jefferson	83	1
Lewis	22	1
Livingston	123	0
Madison	343	1
Monroe	3,487	26

Montgomery	106	0
Nassau	41,443	56
Niagara	1,188	3
NYC	212,061	391
Oneida	1378	21
Onondaga	2644	10
Ontario	239	0
Orange	10,638	18
Orleans	275	1
Oswego	169	2
Otsego	82	0
Putnam	1301	2
Rensselaer	521	2
Rockland	13,495	9
Saratoga	531	3
Schenectady	749	3
Schoharie	56	1
Schuyler	12	0
Seneca	64	0
St. Lawrence	216	1
Steuben	261	4
Suffolk	40,908	44
Sullivan	1,435	1
Tioga	140	0
Tompkins	174	1
Ulster	1,750	1
Warren	261	0
Washington	244	1
Wayne	143	2
Westchester	34,486	31
Wyoming	93	0
Yates	41	1

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)